

## POU KAPAB APLIKE, OU AP BEZWEN

### PRÈV SOU REVNI KAY LA

*Pou chak manm nan kay la kap travay*

Tankou

- De (2) fich peman ki resan
- Deklarasyon enpo sou revni ak kalandriye C (si ou ap travay ak tèt ou)

### YON PYÈS IDANTITE KI GEN FOTO

*Pou tout granmoun ki se manm nan kay la*

Tankou

- Lisans chofè oswa lòt pyès idantite gouvènman ki gen foto
- Dosye kat militè
- Kat etidyan
- Foto paspò

### VERIFIKASYON SITWAYÈNTE

*Pou tout sitwayen ameriken nan kay yo.*

Tanpri bay youn nan sa ki anba yo pou chak manm nan kay la

- Batistè
- Paspò
- Dosye lopital ki apwouve
- Sètifika natiralizasyon

### SITIYASYON IMIGRASYON

*Pou moun ki pa sitwayen, ki swete aplike pou èd medikal ki pa Limited MassHealth*

- Paspò/viza
- Kat rezidans legal pèmanan
- Sètifika natiralizasyon

### ENFÒMASYON SOU BYEN YO

*Si ou gen plis ke 65 lane*

Ajoute relve bank, asirans vi, valè byen yo ak machin yo.

*Mande pou lòt fòm idantifikasyon oswa verifikasyon sitwayènte pou sa ki ekri anwo yo disponib.*



## POU JWENN PLIS ÈD NAN APLIKE POU ASIRANS SANTE

Ou gendwa rele nan **617.414.5155** oswa voye yon imèl nan **patfinoutreach@BMC.org** pou ka planifye yon randevou pou ranpli yon aplikasyon avèk èd yon konseye finansye pou pasyan.

Si ou pa si de kalifikasyon ou pou yon pwogram byen patikilye oswa si yon sèvis medikal byen patikilye ap jwenn asirans pa mwayen youn nan pwogram yo, tanpri kontakte nimewo pou sèvis pwogram yo ki ekri anba a.

**MASSHEALTH**  
1.800.841.2900

**HEALTH CONNECTOR**  
1.877.623.6765

**SNAP FOODSTAMPS**  
1.877.382.2363



## Pwogram èd finansye nan Boston Medical Center

*GID REFERANS RAPID POU PASYAN*

### **TANPRI SONJE**

*Nan ka ou ta gen yon ijans, ou dwe toujou chèche asistans medikal byen vit nan depatman dijans lopital ki pi pre ou a.*



## ENFÒMASYON SOU PWOGRAM ÈD FINANSYE A

Misyon Boston Medical Center (“lopital” la), an patenarya avèk sant sante kominotè ki otorize yo, se bay sèvis bon jan kalite, ki aksesib a tout moun nan ka gen nesite pou swen medikal, san konsidere kapasite pou moun nan peye. Vizyon li se pou amelyore sante pèp Boston lan ak kominote ki antoure li yo yon fason responsab nan aspè finansye a.

Lopital la pral ede moun kap viv nan Massachusetts ki pa gen asirans ak moun ki asire pasyèlman yo pou aplike pou asirans sante atravè pwogram èd piblik la (sa ki gen ladann MassHealth, pwogram prim èd pou peye ke Health Connector jere, pwogram Children’s Medical Security, Health Safety Net ak Medical Hardship) oswa pwogram èd finansye lopital la. Anplwaye lopital yo pral travay avèk moun yo pou kapab aplike nan pwogram ki apwopriye yo.

## KIMOUN KI KALIFYE?

Pasyan ki pa asire oswa ki gen asirans pasyèl e ki gen yon revni ki ba yo kap viv nan Massachusetts epi ki reponn a kalifikasyon yo kalifye pou jwenn èd finansye. Nou detèmine pwogram èd finansye yo nan egzamine, pami lòt bagay yo, revni kay patikilye sa a, byen yo, gwosè fanmi an, depans yo, bezwen medikal yo ak eta kote li ye a. Si kalifye, gen pasyan ki pap bezwen peye pou sèvis yo; gen lòt kap gen pou peye yon pati nan kòb yo. Yon moun kap viv nan Massachusetts ki gen nenpòt revni an gendwa kalifye pou Medical Hardship pa mwayen Health Safety Net si depans medikal yo vrèman fini ak revni li ke li rive on kote li pa kapab peye pou sèvis sante yo.

Pou plis enfòmasyon konsènan pwogram èd finansye lopital la, tankou èd pou aplikasyon ak sou enstriksyon pou tradiksyon yo, tanpri kontakte biwo konsèy finansye a nan zòn sa yo ak nan nimewo telefòn ki ekri anba yo (1-3) oswa kontakte MassHealth pou kesyon ki espesifik ak aplikasyon ak enstriksyon yo (4):

## KIJAN POU APLIKE

Regleman sou èd finansye lopital la, regleman sou rekouvremant ak bòdwo epi rezime nan langaj ki klè e senp sa a disponib pou tout pasyan yo nan lang angle, espayòl, kreyòl ayisyen, pòtigè, ak vyetnamyen. Aplikasyon ak enstriksyon sou regleman pou èd finansye nan lopital la disponib pou tout pasyan yo nan lang angle ak espayòl. Gen èd pou ranpli aplikasyon nan lòt lang ki disponib atravè sèvis entèpretasyon MassHealth la nan **1.800.841.2900** oswa biwo konsèy finansye BMC a nan **617.414.5155**. Gen plis enfòmasyon sou pwogram èd finansye lopital la, tankou fòmilè aplikasyon ak enstriksyon yo, ki disponib sou sitwèb lopital la **[BMC.org/services/patient-financial-assistance-program](https://www.bmc.org/services/patient-financial-assistance-program)** epi nan lokal ak nimewo telefòn ki anba yo.

1. Nan nenpòt zòn enskripsyon pou pasyan nan lopital la
2. Nan rele depatman konsèy finansye a nan **617.414.5155**
3. Voye yon demann ekri nan adrès ki anba a:  
Boston Medical Center  
Atansyon: Financial Counseling Office  
840 Harrison Ave  
Boston, MA 02118
4. Nan rele sèvis entèpretasyon MassHealth la nan **800.841.2900**